



5 Bagay ou Bezwèn Konnen Pwoteksyon kont Diskriminasyon oswa Pwooblèm nan Lojman dapre Kote ki Peye Moun Legalman

- 1 Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (LAD, ki vle di "Law Against Discrimination") defann fè diskriminasyon oswa bay moun pwoblèm nan lojman dapre kote ki peye legalman lajan ki pral sèvi pou peman lwave li.** Kòm lajan yo peye moun legalman, nou ka nonmen alokasyon oswa koupon moun resevwa nan pwogram asistans lwave federal, Eta, oswa minisipalite lokal la, tankou Seksyon 8 sou koupon pou chwazi lojman, ak asistans pou lwave dapre pwogram COVID-19 Emergency Rental Assistance Program (CVERAP), State Rental Assistance Program (SRAP), ak Temporary Rental Assistance (TRA); genyen tou lòt kote ki peye moun legalman pou alokasyon chomaj, sipò pou timoun, pansyon divòs ak peman pou sekirite siplemantè.
- 2 Sa vle di yon pwopriyetè pa ka refize lwe ba ou, ni dekoraje ou lwe yon lojman paske ou di ou pral peye lwave ou avèk lajan ou resevwa dapre Seksyon 8, CVERAP, SRAP, TRA, oswa yon alokasyon oubyen yon bòdwo ou resevwa nan nenpòt pwogram asistans lwave federal, Eta, oswa minisipalite lokal la; oubyen avèk alokasyon chomaj, sipò pou timoun, pansyon divòs, ak peman pou sekirite siplemantè. Pa egzanp, yon pwopriyetè pa ka bay sa kòm rezon li refize yon lokatè ki sèvi avèk yon bòdwo Seksyon 8, lè li di li pa vle pran traka nan ekri papye yo mande, oswa nan enspeksyon ki nesesè dapre Seksyon 8 la.**
- 3 Lalwa defann tou pou yon moun ki nan komès lojman fè reklam pou yon pwopriyete nan nenpòt jan ki gen diskriminasyon kont okenn lokatè dapre kote ki peye li legalman,** tankou lè yon reklam ta di yo pa aksepte oubyen yo mete limit sou bòdwo, oswa sou alokasyon. Pa egzanp, si yon reklam di "Nou pa sèvi ak Seksyon 8", oswa "Nou regrett sa, men nou pa sèvi ak CVERAP", oswa "Nou pa aksepte TRA", oswa "Pwopriyete sa a pa apwouve pou Seksyon 8", reklam sa a se yon vyolasyon LAD.
- 4 LAD defann tou pou anbete, oswa fè diskriminasyon, oswa fè mennas kont moun, oubyen fè kòmantè sou kote ki peye yon moun legalman,** menm lè se yon lòt lokatè nan menm kote a ki ta fè yo. Si pwopriyetè kote ou lwe a konnen, oubyen si li ta dwe konnen gen moun k ap anbete ou konsa, pwopriyetè a dwe pran aksyon pou fè moun lan sispann.
- 5 Yon pwopriyetè oubyen yon moun ki nan komès lojman pa gen dwa fè vanjans kont ou paske ou eseye peye avèk lajan ou touche legalman, ni paske ou eseye egzèse nenpòt ki dwa ou genyen dapre LAD.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale nan adres NJCivilRights.gov oswa rele nan nimewo [1.833.NJDCR4U](tel:1.833.NJDCR4U)



NJ Office of the Attorney General

NJCivilRights.gov



**NJ DIVISION ON
CIVIL RIGHTS**
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



06/25/21